Youn Anons Piblik Ki Sòti Nan TCSPCA

**ATTANSYON TOUT MOUN KI GEN ZANNIMO LAKAY YO**

# AVĒTISMAN POU CHYEN KAP DEPAFINI

## Madadi sa konfime nan Providenciales
## Ke Chyen ou kapab mouri nan 2 semenn

Seyoun maladi ki kontajye ki kapab gaye rapid sòti nan youn chyen al nan youn lòt. L'ap touye tout chyen ki pat vaksinen. Maladi sa pa afecte moun at chat.

## Kouman ou ka konnen si chyen ou genyen'l?

Se youn matyē epē kap sòti nan je'l yo ak nan nen'l
Le pēdi apeti'l
L'ap touse, li gen dyare, vomisman
Li gen difikilte pou'l kanpe oubyin pou'l mache.
L'ap bat machwē li oubyen l'ap mache jansib li yo san rete.
L'ap tòde tout ko'l – chyen an ap sekwe ko'l tout kote, bouch li pa kapab sispann fē kim.

## Ki sa mwen dwe fē si chyen mwen an montre siy sayo?

## Rele TCSPCA imedyatman nan: 941-8846 ak 231-3052

**Kenbe timoun yo ak zannimo ki pa malad yo lwen chyen ki malad yo.**

## Kouman mwen kapab kenbe zannimo'm yo san danje?

Si zannimo yo pat janm pran vaksen rele TCSPCA. Si ou abitye vizite younn an klinik veterinē yo se pou rasire ke vaksen yo a jou.

PA BAY chyen ki pa pou ou manje. Lē wap bay anpil chyen manje sa kab vin fe younn konsantrasyon bò kote ou gen manje a; sa ki vin fē maladi a gaye plis.

PA KITE chyen pa ou pre oubyen touché lòt chyen ki pa pou ou.

Ba zannimo ou yo manje anndan oubyen nan youn kote ou kapab kontrole.

Si w'ap bay bēt yo manje dēyo se pou wete rēs manje yo. Veso chyen yo kapab enfekte.

Se pou rasire nou fatra yo nan youn veso ki byenkouvri.

Si youn bēt mouri bò lakay ou pa touché bēt sa a.